

ADOLESAN AK



Kesyon Kouran yo. Repons ki senp.

POUKISA ADOLESAN YO BWÈ ALKÒL?

- Adolesan yo itilize alkòl pou anpil nan menm rezon ak adilt yo, tankou lè y ap fè fas ak difikilte oswa lè y ap echape yo de reyalite — oswa senpleman pou yo santi yo byen oswa pou pase yon bon moman.
- Adolesan yo souvan fè fas ak presyon kamarad de lòt frè/sè ki pi gran yo oswa zanmi ki genyen 21 lane oswa plis pou fè eksperyans ak alkòl.

KISA TWOUBKONSOMASYON ALKÒL YE?

- Twoub konsomasyon alkòl, yo konnen tou sou non AUD, se lè yon moun pa anmezi pou sispann bwè, menm lè alkòl la afekte lavi l yon fason ki negatif.
- Plis moun yo jèn lè yo kòmanse bwè, se plis yo arisk pou fè AUD oswa alkolis.
 - Yon etid sou 43,000 adilt ki fèt Ozetazini pa Enstiti Nasyonal sou Konsomasyon Alkòl ak Alkolis te dekovri ke moun ki kòmanse bwè nan kòmansman adolesans yo genyen plis chans pou pa sèlman devlope depandans ak alkòl nan kèk pwen nan lavi yo, men tou pou devlope depandans pi rapid epi nan pi jèn laj yo, epi devlope depandans kwonik, ak depandans pou retounen ankò.

KIJAN ALKÒL AFEKTE SÈVO ADOLESAN AN?

- Move priz desizyon
- Diminisyon konpetans pou mouvman ak ekilib
- Ogmantasyon risk pou fè adiksyon
- Alterasyon aprantisaj ak memwa a, ki genyen ladan twou nan memwa



KISA YON TWOU NAN MEMWA YE?

Yon twou nan memwa se lè alkòl nwi memwa lontèm yon fason pou yon moun pa ka sonje kèk bagay ki te pase lè yo te sou a.

Kijan konsomasyon alkòl anvan laj legal afekte lavi yon adolesan?

- | | | |
|--------------------------|-----------------------------|----------------------------------|
| • Alterasyon nan kondwit | • Domaj nan sèvo | • Twoub nan lekòl |
| • Blesi | • Adiksyon | • Anpwazònman ak dwòg oswa alkòl |
| • Vyolans | • Aktivite seksyèl ki riske | • Risk pou swisid |

KIJAN MWEN KA REKONÈTSY KONSOMASYON ALKÒL LAKAY ADOLESAN YO?

Voye yon koutje sou chanjman nan imè, ki genyen ladan kòlè oswa move karaktè; pwoblèm nan lekòl oswa nan konpòtman, yon chanjman nan gwoup zanmi; mwens enterè nan aktivite yo; ak yon mank swen pou aparans yo.

KISA KI KA EDE ANPECHE YON ADOLESAN VIN ARISK POU BWÈ?

- Genyen manm fanmi ki pa bwè oswa ki pa konsome alkòl
- Atant ki klè ke paran an genyen konsènan lè yon moun bwè

KOUNYEYA MWEN KONNEN REYALITE YO — KISA KIVINI APRESA?

Ou ka vizite talk2kidsaboutdrugs.com pou jwenn enfòmasyon de konfyans, enfòmasyon ki konkrè pou paran ak edikatè yo.